# 2 लम्बा की अछि? गोल की अछि?

## घूमि घूमि कए ताकू

विद्या दीदी सब बच्चाकैं गोलाईमे बैसय लेल कहलनि






एहि तरहैं बच्चा सभकैं कक्षामे खेल खेलै लेल कहियौ। प्रत्येक बच्चा दूटा - एकटा लंबा आ एकटा गोल, चीजक नाम कहि सकैत छथि। ओ सब हर बेर एकटा न'ब चीज़क नाम लए सकैत छथि आ दोहराबै सँ बचि सकैत छथि।लंबा वस्तु लेल बच्चा एकटा आयाम पर ध्यान केंद्रित कए सकैत छथि जेना लंबा, चौड़ा आदि। उदाहरण लेल किछु लोक लेल एकटा गिलास लंबा आ किछु लेल ई गोल भए सकैत अछि । दुनू दृष्टिकोण पर विचार करबाक आवश्यकता अछि। बच्चाकैं अपन कथनक तर्क बुझबए दियौ।



## सोचू आ करू



क. गोल वस्तु ◯ मे आ लम्बा वस्तु ▭ बनाउ -











© NCERT
not to be republished

ख. आकारमे समान वस्तुक मिलान करू -
















© NCERT not to be republished


ग. बॉलसँ मिलैत – जुलैत वस्तु ✓ चिह्नित करू - 








घ. टोपीसँ मिलैत–जुलैत वस्तु ✓ चिह्नित करू - 



ङ. गिलाससँ मिलैत–जुलैत वस्तु ✓ चिह्नित करू - 



च. सलाइके डिब्बासँ मिलैत–जुलैत वस्तु ✓ चिह्नित करू - .







## आउ हम करैत छी

अपन परिवेशमे विद्यमान विभिन्न वस्तुक उपयोग कए एकटा घ'र, खिलौना, टॉवर, रोबोट, ब'स किंवा अपन पसिनक कोनो चीज़ बनाउ। अहाँ नोटबुक, किताब, पेंसिल बॉक्स, पानिक बोतल, बेकार आ पुरान बक्सा, जन्मदिनक टोपी, फ़नल आदिक उपयोग कए सकैत छी।

बच्चासभकेँ चारि समूहमे बाँटू। प्रत्येक समूहकेँ एकटा आकार दियौ आ बच्चासँ ओहि आकारक समान दूटा फराक-फराक उपयोग कएल गेल किंवा बेकार वस्तु अनबा लेल कहू।एकत्रित कएल गेल सभ चीज कक्षामे प्रदर्शित करू आ बच्चासभकेँ अपन चीज साझा करबा लेल कहू।बच्चासभसँ ओ विशेष चीज चुनबाक कारण पूछू।



© NCERT not to be republished





## बुद्धिमान बाबी

एक बेर एकटा छोट मेमना छलै जे अपन बाबीसँ भेंट करै लेल जा रहल छल।

रस्तामे भेड़िया मेमनाकेँ देखलकै आ ओकरा पकड़' चाहलक ।




मेमना अपन बाबीकेँ भेड़ियाक विषयमे सभ किछु बता देलकै।


बाबीक मोनमे एकटा विचार एलै आ ओ मेमनाकेँ एकटा ढोलकमे राखि ओकरा अपन घ'र दिस लुढ़का देलकै।




एहि खिस्साकेँ ज़ोरसँ पढ़ू आ बच्चासभकेँ एहन खेल खेलै लेल कहू।



ढोलक बहुत तेजीसँ लुढ़क' लागल आ भेड़िया ओकरा पाछां दौड़य लागल।




भेड़िया मेमनाकैं नहि पकड़ि सकल आ ओ सुरक्षित घ'र पहुंचि गेल।






© NCERT not to be republished

बच्चाकैं एहि बातक कारण बुझबियौ जे ढोलक गोल-गोल किऐक घूमै छैक? जंगलसँ मेमनाक घ'र तक ढोलकक आकार आ टेढ़-मेढ़/झुकाव बला सतहक बारेमे चर्चाक व्यवस्था करू ।





## आउ फिसलै छी

बच्चा सभ नीचां देखाओल गेल चित्रक अनुसार कैरम खेलि रहल अछि। अहूँ ई खेल खेलि सकैत छी आ देखि सकैत छी जे एकटा स्ट्राइकर कोना धरि पहुंचबा लेल कोना स्लाइड करैछ।




क. नीचां देल गेल ◯ चित्रमे लुढ़कैत वस्तु लेल **‘R’** तथा फिसलैत वस्तु लेल **‘S’** लिखू।




ख. अपन लग-पास सँ विभिन्न वस्तु जमा करू आ देखू कि ओ लुढ़कैत अछि वा फिसलैत?

ग. की अहाँ एहन वस्तु देखने छी जे लुढ़किओ सकैत अछि आ फिसलिओ सकैत अछि? जँ , हँ ,त’ कक्षामे चर्चा करू।


बच्चा सभसँ अपन घ’र वा स्कूलमे ओहन विभिन्न वस्तुक विषयमे बजबा लेल कहियौ जे लुढ़किओ सकैत अछि आ फिसलिओ सकैत अछि। इहो चर्चा करू कि वस्तुक कोन एहन विशेषता छैक जे ओकरा समतल सतह पर लुढ़कै वा फिसलैमे मदति करैत छैक।



© NCERT not to be republished

## सोचू आ करू

पता लगाउ कि की निम्नलिखित वस्तु लुढ़कैत अछि वा फिसलैत?
अथवा लुढ़कितो अछि ✓ आ X फिसलितो अछि?

| वस्तु | लुढ़कैत अछि | फिसलैत अछि | लुढ़कितो अछि आ फिसलितो अछि |
|---|---|---|---|
|  | | | |
|   | | | |
|  | | | |
|  | | | |
|  | | | |
|  | | | |
|  | | | |
|  | | | |

© NCERT not to be republished

## परियोजना कार्य

क. जूताक डिब्बा, भोजनक खाली डिब्बा, फ'लक डिब्बा आदि कूटक डिब्बा जमा करू। डिब्बाक सोझां एकटा चीरा दियौ आ आंखि, मुंह आ नाक बनाउ। अपन माता-पिता वा शिक्षकक मदतिसँ एकटा कठपुतरी बनाउ आ ओकरा संग खेलू। अपन पसीनक खिस्सासँ कठपुतरी बनाउ आ अपन कक्षामे कठपुतरी शो करू।

ख. विभिन्न वस्तुसँ टावर बनाउ। पता लगाउ कि कोन आकारक वस्तु ऊंच आ स्थिर टावर बनबैत अछि?

ग. माटिक उपयोग कए विभिन्न आकृति आ वस्तु बनाउ।